



# Chwazi Kont Depay pou Inivèsite ak Karyè Pwofesyonèl ki Pi Bon an

Depi ou aktive ak afiche Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) pitit ou a, ou kapab fè pwochen etap nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite (Save for College Program) lan. Louvri epi konekte yon kont depay pou inivèsite ak karyè ke w posede nan avantaj pitit ou! Lè ou fè sa, NYC Kids RISE pral ba ou yon rekonpans \$25 pou Kont Bousdetid NYC pitit ou a!

Sèvi avèk fèy kalkil pi ba a pou aprann diferans ki genyen ant 2 opsyon kont ki disponib atravè Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a, mete yon tchèk bò kote opsyon ki pi bon pou ou a, make kesyon ou genyen yo, epi idantifye ki kont ki fè plis sans pou ou.

	Kont NY 529 Direct Plan	Kont Bankè Ekonomize pou Inivèsite nan Amalgamated Bank
<b>Kisa li ye?</b>	<input type="checkbox"/> Yon kont 529 se yon kalite kont envestisman ki fèt pou ede fanmi ekonomize pou inivèsite ak fòmasyon pwofesyonèl. Lajan sou yon kont 529 kapab ogmante apre yon tan, men li kapab pèdi valè tou. Lajan sou kont sa a ogmante san taks epi ou pa peye taks sou revni yo lè w fè retrè ladan yo si yo sèvi pou depans pou edikasyon siperyè ki kalifye nan enstitisyon ki elijib.	<input type="checkbox"/> Sa a se yon kont epay tradisyonèl nan Amalgamated Bank, avèk yon timoun ki nonmen kòm benefisyè. Depo sou kont depay sa a asire pa Sosyete Federal pou Asirans Depo (Federal Deposit Insurance Corporation, FDIC) jiska \$250,000. <sup>1</sup>
<b>Kijan mwen kapab louvri kont sa a epi konekte li avèk Kont Bousdetid NYC pitit mwen an?</b>	<input type="checkbox"/> Rekonekte ou sou Savings Tracker (yon pòtay sou entènèt kote paran/responsab legal yo ka wè Kont Bousdetid NYC pitit yo a) sou <a href="http://nyckidsrise.org">nyckidsrise.org</a> epi klike sou bouton kreye/konekte a pou kòmanse aplikasyon NY 529 Direct Plan ou a.	<input type="checkbox"/> Ale nan nenpòt sikisal Amalgamated Bank nan Vil New York epi mande pou louvri yon Kont Bankè Ekonomize pou Inivèsite nan Amalgamated Bank. Jwenn sikisal ki pi pre ou a sou <a href="http://amalgamatedbank.com/find-branch-or-atm">amalgamatedbank.com/find-branch-or-atm</a> .  <input type="checkbox"/> Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Amalgamated Bank: 800-662-0860.
<b>Kijan ekonomi yo kapab chanje apre yon tan?</b>	<input type="checkbox"/> Lajan sou kont sa a kapab ogmante apre yon tan, men li kapab pèdi valè tou baze sou envestisman yo chwazi yo.	<input type="checkbox"/> Lajan sou kont sa a pral fè enterè.
<b>Èske kont sa a vini avèk avantaj fiskal?</b>	<input type="checkbox"/> Kont sa a vini avèk avantaj fiskal, ki gen ladan revni yo pa peye taks sou yo ak dediksyon posib pou taks sou revni leta yo.  <ul style="list-style-type: none"> <li>Lajan sou kont lan ap ogmante e peman taks federal ak taks leta yo repòte, sa vle di yo pa konte lajan ou gen sou kont lan nan revni yo ka pran taks sou yo.</li> <li>Kontribyab Eta New York yo ka dedwi jiska \$5,000 chak ane (\$10,000 pou koup ki marye ki ranpli deklarasyon taks ansanm) pou kotizasyon sou kont sa a lè yo kalkile revni taksab leta.</li> <li>Dediksyon taks leta yo ka sijè a rekiperasyon nan sèten sikonstans tankou transfè nan yon lòt plan 529 leta a oswa retrè ki pa kalifye yo.</li> <li>Pa gen taks federal ni taks Eta New York sou retrè yo, depi yo sèvi pou depans edikasyon siperyè ki kalifye yo.<sup>2</sup></li> </ul>	<input type="checkbox"/> Kont sa a pa vini avèk avantaj fiskal.
<b>Kisa mwen bezwen pou louvri yon kont?</b>	<input type="checkbox"/> Pou enskri sou kont sa a, ou pral bezwen: <ul style="list-style-type: none"> <li>Yon Nimewo Sekirite Sosyal (Social Security Number, SSN) oswa Nimewo Idantifikasyon Kontribyab Endividyèl (Individual Taxpayer Identification Number, ITIN) ki valid pou pwopriyetè kont la ak benefisyè a;</li> <li>Dat nesans pwopriyetè kont la ak benefisyè a;</li> <li>Yon adrès imèl pou enskri sou entènèt pou pwopriyetè kont la;</li> <li>Yon adrès Ozetazini ki verifye.</li> </ul>	<input type="checkbox"/> Pou enskri sou kont sa a, ou pral bezwen: <ul style="list-style-type: none"> <li>Yon Nimewo Sekirite Sosyal oswa Nimewo Idantifikasyon Kontribyab Endividyèl ki valid pou pwopriyetè kont la ak benefisyè a;</li> <li>Yon pyès idantite avèk foto pou pwopriyetè kont la;</li> <li>Adrès ak dat nesans pwopriyetè kont la;</li> <li>Non ak dat nesans pitit la; ak</li> <li>Yon adrès imèl pou pwopriyetè kont la (yo rekòmande sa).</li> </ul>
<b>Poukisa yo ka itilize kont epay la?</b>	<input type="checkbox"/> Lajan sou kont sa a dedye espesifikman pou depans edikasyon inivèsite ak fòmasyon pwofesyonèl (ki gen ladan liv, laptop, frè ekolaj, elatriye). Lè ou fè retrè sou kont sa a yo ka chaje penalite taks si lajan an pa sèvi pou depans edikasyon siperyè.	<input type="checkbox"/> Pa gen okenn restriksyon legal pou sèvi avèk kont sa a. Pa gen okenn penalite pou fè retrè sou kont sa a. Sepandan, objektif kalite kont sa a se pou edikasyon inivèsite ak pwofesyonèl yon timoun epi li pa pou lòt rezon.

<sup>1</sup> Limit kouvèti asirans depo estanda a se \$250,000 pou chak depozitè, nan chak bank ke Sosyete Federal pou Asirans Depo (FDIC) asire, pou chak kategori pwopriyete. Depo ki nan diferan kategori pwopriyete yo asire separeman, jiska omwen \$250,000, menm si se nan menm bank lan yo ye.

<sup>2</sup> Revni sou retrè ki pa kalifye yo gen dwa sibi taks sou revni federal ak yon taks penalite federal 10%, avèk tou taks sou revni eta ak lokal yo. Dediksyon taks Eta New York ka sijè a rekiperasyon nan sèten sikonstans adisyonèl tankou transfè nan yon lòt plan 529 eta, oswa retrè yo sèvi pou peye ekolaj lekòl elemantè oswa segondè, depans pou pwogram aprantisaj otorize, oswa ranbousman prè edikasyon ki kalifye jan sa deklare nan Ti Liv Divilgasyon ak Akò sou Kont Epay pou Ekolaj la (Disclosure Booklet and Tuition Savings Agreement). Avantaj fiskal leta pou kontribyab New York ki pa rezidan yo gen dwa varye. Taks ak lòt avantaj yo depannde si yo satisfè lòt kondisyon. Tanpri pale avèk yon konsèyè nan zafè taks sou sitiyasyon espesifik pa w la.



# Chwazi Kont Depay pou Inivèsite ak Karyè Pwofesyonèl ki Pi Bon an

	Kont NY 529 <i>Direct Plan</i>	Kont Bankè Ekonomize pou Inivèsite nan Amalgamated Bank
<b>Ki kantite lajan mwen dwe depoze sou kont lan epi èske gen yon balans minimòm?</b>	<input type="checkbox"/> Pa gen montan depo minimòm obligatwa pou kont sa a. Sepandan, NY 529 gen dwa fèmen kont ou a si ou pa fè depo apre sis mwa. Si yo fèmen kont ou a, NY 529 pral voye enfòmasyon ba ou pa imèl avèk enstriksyon sou kijan pou relouvri kont la. Depi yo fèmen kont la, ou pral genyen yon lòt sis mwa pou fè yon depo (ki kapab ominimòm \$1), lè w voye yon chèk oswa yon manda postal pa lapòs, oswa rele NY 529 nan 877-697-2837. Si ou pa fè yon depo nan peryòd tan sa a, ou pral genyen pou ranpli yon nouvo fòm enskripsyon pou relouvri kont ou a.	<input type="checkbox"/> Pa gen balans minimòm oswa montan depo minimòm obligatwa pou kont sa a. Sepandan, kont ou an gen dwa fèmen aprè nèf mwa si ou pa depoze okenn lajan sou li, kidonk nou ankouraje ou fè yon depo omwen \$5 yon ti tan aprè ou louvri li.
<b>Chak konbyen fwa mwen dwe fè depo sou kont lan?</b>	<input type="checkbox"/> Ou kapab depoze kèlkeswa kantite lajan ou vle epi kenbe nenpòt kantite lajan ou vle sou kont sa a (jiska balans maksimòm NY 529 <i>Direct Plan</i> pèmèt la).	<input type="checkbox"/> Ou kapab depoze tou kèlkeswa kantite lajan ou vle epi kenbe nenpòt kantite lajan ou vle sou kont sa a. Ou dwe fè omwen yon depo nan 9 premye mwa yo.
<b>Èske lè mwen mete lajan sou kont sa a pou ekonomi sa ka afekte kalifikasyon m pou avantaj piblik?</b>	<input type="checkbox"/> Li posib. Ale sou <a href="https://nyckidsrise.org/downloadable-resources">nyckidsrise.org/downloadable-resources</a> pou jwenn plis enfòmasyon sou enpak avantaj piblik yo. Pou plis sipò, kontakte NYC Kids RISE nan 833-KID-RISE (833-543-7473).	<input type="checkbox"/> Li posib. Ale sou <a href="https://nyckidsrise.org/downloadable-resources">nyckidsrise.org/downloadable-resources</a> pou jwenn plis enfòmasyon sou enpak avantaj piblik yo. Pou plis sipò, kontakte NYC Kids RISE nan 833-KID-RISE (833-543-7473).
<b>Èske ekonomize sou kont sa a kapab afekte kalifikasyon pitit mwen an pou èd finansye federal ak leta (dapre règleman èd finansye aktyèl yo)?</b>	<input type="checkbox"/> Li posib. Si revni kay ou a mwens pase \$50,000, ekonomi sou kont sa a jeneralman p ap afekte kalifikasyon pitit ou a pou èd finansye federal. Si revni kay ou a plis pase \$50,000, se sèlman yon ti pati nan ekonomi ki sou kont sa a yo pral konsidere pou kalifikasyon pou èd finansye federal. Repons sa yo ka chanje nan ane k ap vini yo. Pou plis enfòmasyon detaye, li gid "Enpak sou Èd Finansye Fiti (Impact on Future Financial Aid)" sou sit entènèt nou an: <a href="https://nyckidsrise.org/downloadable-resources/#additional-materials">nyckidsrise.org/downloadable-resources/#additional-materials</a> .	<input type="checkbox"/> Li posib. Si revni kay ou a mwens pase \$50,000, ekonomi sou kont sa a jeneralman p ap afekte kalifikasyon pitit ou a pou èd finansye federal. Si revni kay ou a plis pase \$50,000, se sèlman yon ti pati nan ekonomi ki sou kont sa a yo pral konsidere pou kalifikasyon pou èd finansye federal. Repons sa yo ka chanje nan ane k ap vini yo. Pou plis enfòmasyon detaye, li gid "Enpak sou Èd Finansye Fiti (Impact on Future Financial Aid)" sou sit entènèt nou an: <a href="https://nyckidsrise.org/downloadable-resources/#additional-materials">nyckidsrise.org/downloadable-resources/#additional-materials</a> .
<b>Sèvi avèk espas sa a pou konte konbyen kaz ou chwazi pou chak kont epi pou rezime avantaj ak dezavantaj yo</b> →	<hr/> <hr/> <hr/> <hr/> <hr/>	<hr/> <hr/> <hr/> <hr/> <hr/>

*NOTE: Sa yo pa sèl fason pou ekonomize pou inivèsite. Sepandan, karakteristik ak avantaj espesifik Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a bay disponib sèlman pou 2 opsyon sa yo. NYC Kids RISE pa bay konsèy sou envestisman ni rekòmande okenn tip kont depay pou inivèsite an patikilye. Sikonstans finansye chak fanmi yo diferan, epi w dwe konsidere pwòp sikonstans pa w avan ou ekonomize oswa envesti. Ou gen dwa anvè gade lòt altènativ, tankou plan 529 lòt eta ofri yo ak kont epay lòt bank ofri, pou wè si yo gen dwa pi bon pou ou ak fanmi ou.*

*Pwogram Ekonomize pou Inivèsite NYC Kids RISE la se yon pwogram bousdetid ak pwogram epay ki jere pa NYC Kids RISE Inc., yon òganizasyon ki pa travay pou pwofi, nan patenarya avèk Depatman Edikasyon NYC (NYC Department of Education) ak Vil New York la. NYC Kids RISE pa ni afilye avèk, ni yon distribitè otorize pou, New York's 529 College Savings Program ni nonplis tou li pa solisite envestisman ni founi konsèy sou envestisman. Vil New York la ak Depatman Edikasyon NYC pa ofri okenn andòsman oswa rekòmandasyon pou, ni yo pa kontwole, posede oswa afilye avèk Jesyonè Pwogram NY 529 la ak nenpòt opsyon espesifik pou epay pou inivèsite oswa lòt mwayen envestisman, ki enkli opsyon oswa mwayen ke fanmi yo gen dwa vin konnen atravè Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a.*